

Konsantman Pasyan pou Pwofilaj Molekilè – Etazini



Tanpri li ak anpil atansyon epi pale sou sa avèk doktè w.

Si w gen kesyon, tanpri kontakte Caris nan LPSTeam@CarisLS.com oswa (888) 979-8669.

Voye fòm ou fin ranpli a pa imèl bay LPSTeam@CarisLS.com, oswa fakse l bay 866-479-4925.

ENFÔMASYON SOU TÈS LAN

Objektif Tès la, Kòlèksyon Echantiyon, epi Rezilta yo

Profilaj molekilè nan Caris Life Sciences® (Caris) evalye makè kansè ki prezan nan timè w la oswa nan san w pou ede ekip swen sante w la devlope yon plan tretman ki pou ou preziman. Nan kad tès ou a, yo pral voye echantiyon san w(yo) ak/oswa echantiyon timè w(yo) bay Caris, kote yo pral analize echantiyon w lan, ansanm ak ADN e ARN ki ekstrè nan echantiyon w lan, pou pwodui enfòmasyon jenomik. Caris ap rapòte rezilta tès ou a bay doktè ki te preskri tès ou a e bay lòt founisè swen sante ekip tretman w lan te mande. Rezilta tès yo gendwa endike makè y ap teste yo prezan oswa yo pa prezan nan echantiyon w lan epi yo gendwa idantifye lòt karakteristik kansè w la. Rezilta tès ou yo disponib nan men doktè w, oswa nan Caris sou demann alekri jan lalwa pèmèt sa.

Pou pwofilaj ki baze sou san (Caris Assure), oumenm ak doktè w, nou chak gen posiblite pou refize resevwa rapò sou enfòmasyon jenetik ereditè (ki soti nan fanmi w). Doktè w ka chwazi pou pa patisipe rapò sa a nan kad demann tès ou a. Si w ta renmen refize rapò enfòmasyon jenetik ereditè yo, tanpri fè yon tchèk nan ti kare ki annapre la a:

Mwen refize (mwen pa vle resevwa) rapò sou tès jenetik ereditè.

Etid pwofil san sèlman: Sòf si oumenm oswa doktè ou te refize resevwa rapò sou enfòmasyon jenetik ereditè, Caris Assure gen nan rapò sou enfòmasyon jenetik ereditè (ki soti nan fanmi w), ki ka bay enfòmasyon sou si kansè ou a se akòz yon varyant ADN ereditè epi risk ou pou w devlope lòt tip kansè. Rezilta sa yo gendwa revele enfòmasyon anplis sanzatann sou ou oswa sou fanmi w, epi rezilta tès ou yo gendwa gen enplikasyon pou manm fanmi w. Nan kèk ka, doktè w ka rekòmande plis tès pou klarifye rezilta sa yo. Ou gendwa vle jwenn konsèy jenetik anvan ou dakò pou tès la. Si ou bay yon echantiyon san pou tès ou a, epi oumenm oswa doktè ou pa te refize resevwa rapò enfòmasyon jenetik ereditè, rezilta tès liye jèminal/ereditè w la ka gen nan li:

Pozitif: Yon rezilta pozitif gendwa endike ou se yon pòtè, ou predispoze pou, oswa ou gen maladi espesifik oswa twoub sante yo te fè tès pou li a. Si ou resevwa yon rezilta pozitif, ou ta dwe pale avèk doktè w oswa yon konsèyè jenetik. Doktè w gendwa refere w oswa refere manm fanmi w pou fè tès siplemantè oswa tès pou konfimasyon.

Negatif: Yon rezilta negatif endike pa gen okenn varyant ki lakòz maladi yo te idantifye nan tès ki fèt la. Sepandan, yon rezilta negatif pa garanti ou menm ak fanmi ou pa gen pwoblèm jenetik oswa lòt twoub medikal, epi plis enfòmasyon gendwa vin disponib alavni ki ta ka afekte entèpretasyon rezilta tès ou yo. Sepandan, Caris pa oblije mete ajou, revize oswa reevalye pita rezilta tès yo apre rezilta sa yo te disponib pou doktè w.

Avantaj, Risk, ak Limit Tès Jenomik la

Avantaj tès la ka gen ladan: (i) plis enfòmasyon pou pran desizyon sou swen sante pou tèt ou ak pou manm fanmi w; (ii) posiblite pou enskripsyon nan etid rechèch. Risk tès la ka gen ladan: (i) enkyetid konsènan tès la; (ii) malèz lejè lè w bay echantiyon tisi w oswa san w; (iii) diskriminasyon ki baze sou rezilta tès ou yo (byenke sèten lwa federal ak lwa Eta a bay kèk pwoteksyon kont diskriminasyon jenetik, lwa sa yo pa aplike nan tout sitiyasyon. Ou ka ale sou www.genome.gov/10002328 pou jwenn enfòmasyon sou Lwa sou Nondiskriminasyon Jenetik, yon lwa federal ki pwoteje enfòmasyon jenetik yo); epi (iv) pèt konfidansyalite akòz aksè san otorizasyon nan enfòmasyon pèsònèl ou (Caris aplike pwoteksyon rezonab pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou men li pa ka garanti konfidansyalite enfòmasyon sa yo). Limit yo: Caris pa bay okenn garanti ni asirans tès jenomik li(yo) ap detekte tout mitasyon jenomik e tout moun ki pòtè yon pwoblèm sante. Varyasyon jenetik ki pa asosye ak objektif tès la pa ka rapòte avèk rezilta tès ou yo.

Konfidansyalite, Konsèvasyon, Itilizasyon e Pataj Echantiyon/Done

Ou gen dwa ak yon tretman konfidansyèl echantiyon ou(yo), enfòmasyon jenomik, e lòt done sou sante dapre lalwa ki aplikab. Doktè ki te preskri tès ou a, estaf ak afilye li yo, ansanm ak tyès pati, jan doktè w mande, ka gen aksè ak echantiyon ou e rezilta tès ou yo. Caris ak lòt moun k ap travay pou Caris gendwa resevwa echantiyon ou an, fè tès oswa gen aksè ak done sou sante w ak rezilta tès ou yo. Caris gendwa estoke, itilize, epi kominike echantiyon ou(yo), enfòmasyon jenomik, e lòt done sou sante, ni anndan ni bay tyès pati, jan lalwa otorize, pou rezon konfòmite reglemantè, rezon ranbousman, asirans kalite oswa amelyorasyon, aktivite operasyonèl, etid validasyon, rechèch, devlopman pwodui, oswa nan piblikasyon. Caris gendwa itilize enfòmasyon ou yo tou pou idantifye ak kontakte w konsènan esè klinik oswa lòt opòtinite rechèch ki gendwa enterese w. Yo pral estoke ak done w yo san yon peryòd tan fiks. Caris pral de-idantifye oswa anonimize echantiyon an(yo), enfòmasyon jenomik yo, ansanm ak lòt done sou sante nan mezi lalwa egzijè. Tyès pati ki ka resevwa echantiyon w(yo), enfòmasyon jenomik, e lòt done sou sante yo ka gen ladan òganizasyon ki pa pou fè pwofi, antite komèsyal oswa gouvènmantral tèlke chèchè inivèsite, inivèsite, lopital, laboratwa, epi konpayi syans lavi, asirans, famasetik, e lòt konpayi. Si aktivite sa yo abouti nan pwodui komèsyal oswa nenpòt jan de konpansasyon, benefis yo p ap pataje avèk ou ni fanmi w, menm si yo itilize echantiyon ou(yo), enfòmasyon jenomik ou, e lòt done sou sante w. Ou ka aprann plis sou pratik konfidansyalite Caris yo, ansanm ak enfòmasyon sou fason yo ka itilize echantiyon ki de-idantifye(yo), enfòmasyon jenomik, e lòt done sou sante yo sou plan komèsyal epi pataje yo andedan oswa deyò Etazini lè w vizite www.CarisLifeSciences.com/privacy-us.

Konsantman Pasyan pou Pwofilaj Molekilè – Etazini (Paj 2)



KONSANTMAN PASYAN AN

Lè m siyen anba a:

Mwen rekonèt ke mwen te li epi mwen konprann enfòmasyon yo bay nan fòm sa a, mwen te pale avèk doktè m sou fyabilite rezilta tès pozitif oswa negatif yo ansanm ak sou nivo sètitud ke yon rezilta tès pozitif pou yon maladi oswa yon pwoblèm medikal sèvi pou predi maladi oswa pwoblèm sa, epi mwen te gen okazyon pou poze kesyon, epi te yo reponn yo ak yon fason ki satisfè m. Mwen aksepte volontèman pou Caris fè tès la ansanm ak kòlèk, itilizasyon, konsèvasyon, mentnans, e kominikasyon echantiyon mwen an(yo), enfòmasyon jenomik, e lòt done sou sante jan li dekri nan fòm sa a, sa gen ladan kontakte m pou opòtinite rechèch potansyèl mwen ka kalifye pou yo. Mwen konprann epi mwen otorize Caris resevwa peman pou tès la, mwen otorize Caris aji nan non m konsènan detèminasyon, refi e/oswa nenpòt apèl ki nesèsè anrapò ak kouvèti sèvis Caris bay yo, epi mwen sede bay Cari tout benefis asirans sante ak ranbousman nan kad plan asirans sante m (sa gen ladan Medicare ak Medicaid)s. Mwen otorize Caris ak lòt peyè deyò yo kominike nenpòt nan enfòmasyon sou sante pwoteje m nan bi pou rezoud reklamasyon ak/oswa apèl mwen. Mwen konprann mwen gendwa kontakte Caris nenpòt lè pou m revoke konsantman mwen pou konsèvasyon echantiyon mwen an(yo), enfòmasyon jenomik, e lòt done sou santem yo. Sepandan, anilasyon mwen an pa p gen okenn efè sou sa ki annapre la yo: (i) nenpòt echantiyon (yo), enfòmasyon jenomik, e lòt done sou sante ki te de-idantifye epi yo pa ka rekonekte yo ak mwen fasilman; (ii) nenpòt itilizasyon oswa pataj echantiyon(yo), enfòmasyon jenomik, e lòt done sou sante ki te deja fèt, oswa (iii) nan limit Caris dwe konsève echantiyon(yo), enfòmasyon jenomik, e lòt done sou sante pou l konfòme l ak lwa aplikab la. Mwen aksepte epi m otorize Caris (ak ajan li yo, kontraktè li yo e lòt moun k ap aji nan non li) pou yo fè apèl oswa voye mesaj tèks ban mwen, ansanm ak sa ki itilize yon vwa atifisyèl oswa ki anrejistre davans, oswa ki fèt apati nenpòt kalite sistèm telefòn ki konpoze nimewo otomatikman oswa lòt sistèm otomatik pou plasman apèl oswa pou voye tèks, bay nenpòt nan nimewo mwen oswa doktè m nan non m bay Caris. Si m ap siyen nan non pasyan an, mwen sètifye anplis ke m gen otorite legal pou bay konsantman nan non pasyan an.

Non Pasyan (lèt detache): _____ Dat Nesans: _____ Dat: _____

Pasyan an oswa Siyatè ki Otorize: _____ Dat: _____